

**IMPLIKATUR PACATURAN SAJRONE TRANSAKSI DOL TINUKU ING PASAR TRADHISIONAL
SONGGOLANGIT KABUPATEN PONOROGO**

Harwinda Susanti

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

harwindasusanti16020114086@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S.S.,M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Tujuwan panliten implikatur pacaturan yaiku ngandharake bentuk lingual (BL), satuan pragmatis (SP), macem-macem implikasi pragmatis (ip) lan hubungan BL, SP, ip, lan alur ip implikatur pacaturan (IP) sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradhisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo. Panliten iki migunakake methode kualitatif kanthi jinis panliten deskriptif kanthi situasi ujar (SU) kang nglandhesi wacana pacaturan. Dhata kang dikumpulna arupa wacana tuturan kang ngamot IP sajrone *transaksi* dol tinuku lan informasi kang kajupuk saka dhata kapisan. Dhata kasebut dijupuk saka *informan* bakul lan panuku ing pasar tradhisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo minangka sumber dhata. Panliten iki migunakake analisis pragmatik. Pangecekan dhata ditindakake kanthi ajeg lan triangulasi. Analisis dhata ngasilake bentuk lingual (BL) IP sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradhisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo arupa ukara pawarta, ukara pitakon, lan ukara pakon. Satuan pragmatis (SP) IP sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo arupa martaake, takon, lan ngakon/mrintah. Implikasi pragmatis pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ana nem jinis. Alur ip sajrone panliten iki arupa alur sebab akibat. Hubungan BL, SP, lan ip sajrone IP nduweni gegayutan kang rumaket. BL guna kanggo nyuguhake SP. SP guna kanggo nyumiradake implikasi pragmatis.

Tembung Wigati : Implikatur pacaturan, *transaksi* dol tinuku, Bentuk Lingual, Satuan Pragmatis, Implikasi Pragmatis.



PURWAKA

1.1 Landhesane Panliten

Basa minangka sarana komunikasi sing wigati tumrap anggota masyarakat. Bab kuwi bisa dideleng saka anggota masyarakat kang nindakake komunikasi, *interaksi*, lan menehi informasi. Panutur mbuthuhake basa minangka sarana, supaya panutur mangerteni apa kang bakal dipocapake, kayata fungsi basa minangka salah sawijine piranti pangubung. Basa minangka alat komunikasi antarane anggota masyarakat kang nduweni fungsi kanggo mujudake pepenginan, pangrasa, lan pamikir antar individu, mligine sajrone proses pacaturan saben dina. Finoza (2002:1) ngandharake yen basa dadi perangan kang wigati tumrap manungsa, perangan iki ora mung bisa dibutekake kanthi nuduhuhake panggunane basa sajrone kauripan padinan, nanging uga bisa dibutekake kanthi cara akehe kawigaten para ilmuwan lan praktisi tumrap basa, basa minangka objek ilmu dudu monopoli para ahli basa. Para ilmuwan sajrone bidhang liyane uga ndadekake basa minangka objek studi amarga basa diperloake minangka piranti pambiyantu sajrone proses *interaksi*.

Kauripan ing padinan asring dimangerteni anane pacaturan sing ngandhut makna kang sumirad. Pacaturan kang ditindakake mesti ana topik tartamtu sajrone kahanan lan konteks. Adhedhasar andharan kasebut, kajian ngenani makna tuturan sajrone ilmu basa diarani Pragmatik. Pragmatik miturut Levinson (Purmo, 1990:17) ngrembug ngenani papat bab, yaiku (1) dieksis, (2) praanggapan, (3) tindak turur, lan (4) implikatur. Dieksis nyinanoni ngenani ungkapan basa rujukan gumantung sapa sing ngomong, marang sapa dheweke ngomong, ing ngendi dheweke ngomong, lan kapan dheweke ngomong. Praanggapan nyinaoni ngenani anggapan kang diduweni dening dhiri pribadi pawongan kang gegayutan sajrone pacaturan. Tindak turur nyinaoni ngenani tindakan kang ditindakake dening panutur sajrone cecaturan. Mula, dudutan saka andharan ing ndhuwur ditegesi implikatur yaiku ujaran kang ngandhut informasi utawa maksud kang sinigid lan bisa diarani dadi maneka werna maksud lan tegese.

Adhedhasar patang bab ing nduwur, panliti milih implikatur pacaturan minangka kajian panliten. Implikatur pacaturan yaiku

konsep kang wigati sajrone pragmatik (Suyono, 1990:4). Impikatur pacaturan nuduhuhake maksud sajrone pocapan, mula implikatur bisa mbedaake apa kang dipocapake lan apa maksud kang diandharake dening panutur. Pangguna implikatur pacaturan sajrone kauripan anggota masyarakat bisa digunakake minangka pangaluse tuturan kang dipocapake, tumindak kanthi sopan, lan ningkatake pacaturan. Implikatur pacaturan yaiku maksud, pepenginan, utawa ungkapan-ungkapan kang sinigid.

Panliti katarik kawigaten nliti ngenani implikatur pacaturan amarga implikatur pacaturan sajrone kauripan saben dina akeh ditemokake ing masyarakat. Implikatur bisa diasilake sajrone pacaturan pawongan dewasa, bocah cilik, bakulan, lan wong sing tuku. Implikatur pacaturan narik kawigaten kanggo ditiliti amarga minangka panguwat maksud kang sinigid sajrone proses *komunikasi* saengga tata krama lan kesantunan basa isih tetep ana.

Jinis pasar bisa dibedaake dadi loro, yaiku pasar tradisional lan pasar modern. Salah sijine tuladha pasar tradisional yaiku anane tawa rega antarane bakul lan wong sing tuku. Saka kedadeyan tawa rega iki, mula bisa nuwuuhake pacaturan antarane pawongan siji lan liyane. Bedane pasar tradisional lan pasar modern kuwi yen ing pasar modern ora bakal ana tawa rega kaya dene ing pasar tradisional, uga anane cecaturan kang sithik banget. *Interaksi* bakulan ing pasar tradisional, antarane bakulan lan wong sing tuku luwih asring migunakake basa kang disingkat. Saka pacaturan kuwi mula bisa nuwuuhake implikatur, jalanan kadang kala mitra turur ora mangerteni maksud kang sejatine dituturake dening panutur. Mitra turur bisa mangerteni kekarepane panutur bisa lumantar saka kahanan lan konteks pacaturane.

Panliten iki ditindakake papan panggonan ing pasar tradisional *Songgolangit* kabupaten Ponorogo amarga ing pasar kasebut akeh banget *interaksi* utawa pacaturan antarane bakul lan wong sing tuku sacara verbal lan ujaran-ujaran kang dipocapake dening panutur akeh kang ngandhut implikatur pacaturan nalikane proses dol tinuku. Pasar *Songgolangit*

ing kabupaten Ponorogo yaiku pasar rakyat minangka panggon dumadine proses dol

tinukuantarané bakul lan wong sing tuku ing dhaerah kabupaten Ponorogo. Pasar kasebut minangka panggon bakulan eceran barang kabutuhan saben dina, kayata sandang lan pangan. Barang kang di dol ing Pasar *Songgolangit* kasebut regane isih bisa di-nyang, lan regane kang digunakake uga manut rega pasarane.

Implikatur yaiku tuturan kang ngandhakake samubarang, nanging nduweni maksud sing beda karo apa kang sejatine dikandhakake. Maksud kang beda kasebut awujud tuturan saka panutur kang diandharake kanthi cara *eksplisit* (sumirat) kang ngandhut paedah sajrone konteks kasebut. Panutur bisa nuturake pacaturan banjur diimplikasikake bisa ngasilake makna lan teges kang maneka werna. Pangerten ngenani makna sing dikarepna dening panutur yaiku gumantung saka konteks kang dituturake dening panutur. Miturut Yule (1996:35) njlentrehake teges implikatur yaiku samubarang kang ditegesi lan dikarepake dening panutur kang beda maksud karo bab sing sejatine dituturake dening panutur. Implikatur kasebut bisa dumadi yen ana panutur lan mitra tutur kang padha nduweni tuturan sajrone pacaturan.

Pacaturan utawa cecaturan bisa disebut minangka rerembagan, dene pacaturan bisa ditegesi minangka tuturan utawa micara. Tujuwan micara yaiku medharake apa kang dadi maksud lumantar basa. Pamicara bisa medharake maksud kekarepane kanthi cara langsung lan ora langsung. Sajrone pasinaon pragmatik akeh maneka werna ilmu kang digunakake kanggo nyinaoni maksud wedharane pamicara. Tuladhané yaiku bab implikatur, sajrone pasinaon pragmatik, implikatur bisa dadi salah sawijine bab kang bisa dirembakake kanthi luwih jembar.

Panlitén ngenani makna kang sinigid utawa implikatur iki arang banget ditliti ing basa Jawa, biasane ditliti ing kajian basa Indonesia. Isa uga ing kanyatan kang kaya mangkono kuwi bisa njalari yen panlitén sakdurunge durung mangertení objek kang bisa kajupuk saka perangan iki akeh banget lan bisa narik kawigaten mligine ing basa Jawa. Adhedhasar andharan kasebut, mula panlitén nliti

pacaturan bakulan ing pasar tradisional *songgolangit* kabupaten Ponorogo jalanan ing

pasar tradisional kuwi meh sakabehe migunakake basa Jawa saben dina.

1.2 Underan Panlitén

Adhedhasar landhesan panlitén ing ndhuwur, mula panlitén iki dipunjerake dadi limang prekara ing ngisor iki:

- (1) Kepriye bentuk lingual (BL) implikatur sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo ?
- (2) Kepriye satuan pragmatis (SP) implikatur sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo ?
- (3) Apa wae macem-macem implikasi pragmatis sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo ?
- (4) Kepriye alur implikasi pragmatis implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo ?
- (5) Kepriye hubungan bentuk lingual, satuan pragmatis, lan implikasi pragmatik sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo ?

1.3 Tujuwan Panlitén

Adhedhasar underan panlitén kasebut, tujuwan saka panlitén iki yaiku :

- (1) Njlentrehake bentuk lingual (BL) implikatur sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.
- (2) Njlentrehake satuan pragmatis (SP) implikatur sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.
- (3) Ngandharake macem-macem implikasi pragmatis sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.
- (4) Ngandharake alur implikasi pragmatis implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.
- (5) Ngandharake hubungan bentuk lingual, satuan pragmatis, lan implikasi pragmatik sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.

1.4 Paedah Panliten

Saben panliten mesti nduwensi paedah, kaya dene ing panliten implikatur sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo. Paedah sajrone panliten iki bisa diperang dadi loro, yaiku paedah teoritis lan paedah praktis kaya kaga diandharake ing ngisor iki:

1.4.1 Paedah Teoritis

Paedah teoritis sajrone panliten iki yaiku kanthi pangajab bisa paring panyengkuyung kangge ngrembakake pasinaon Jawa kaga wis ana sadurunge, yaiku ing perangan pragmatik, mligine bab implikatur pacaturan. Saliyane kuwi, paedah teoritis sabanjure yaiku kanggo njembarake kawruh mligine ing bab implikatur pacaturan minangka salah sawijine kajian pragmatik tumrap pamaca.

1.4.2 Paedah Praktis

Asil panliten iki bisa menehi paedah tumrap mahasiswa lan para siswa ing sekolahana yaiku bisa nambahi kawruh lan menehi ilmu mligine ngenani piwulangan basa Jawa. Saka panliteniki, pawonganliyaugabisamangertenilanbisanuturak etuturankanthicarakangtrep, bener, lanpener. Wigatinekangpungkasansakaasilpanlitenikidika repakesupayapanlitenikibisamenehiwasantu mrappamaosnalikadadimitratutur.

1.5 Wewatesan Panliten

Guna saka wewatesan panliten iki yaiku supaya objek panliten ing kene bisa luwih fokus lan panjlentrehe ora ngluwihni saka undering panliten iki. Panliti matesi panliten iki ing perangan implikatur pacaturan kaga digunakake dening bakul lan wong sing tuku ing pasar tradisional *Songgolangit* kabupaten Ponorogo. Pasar kasebut kapilih minangka objek amarga adhedhasar pasar kasebut sajrone ngasilake wujud-wujud lingual kuwi bisa maneka werna lan mesti ngandhut implikatur pacaturan. Wujud lingual kaga dimaksud kayata ngakon, ngajak, nawakake, lan menehi informasi. Panliti matesi implikatur pacaturan sajrone proses bakulan ing pasar tradisional *songgolangit* kanthi pawadan yen proses *transaksi* bakulan kasebut ngamot daya ilokusi lan lokusi kaga tansah digunakake sajrone komunikasi verbal.

1.6 Panjlentrehe Tembung

Supaya ora kliru anggone mangertenii tegese tembung-tembung kaga digunakake sajrone panliten iki, mula prelu diandharake wewatesan tetembungan kaga digunakake ing panliten iki. Tetembungan kaga digunakake sajrone panliten iki yaiku :

1. Implikatur Pacaturan (IP) yaiku implikasi pragmatis kaga kinandhut sajrone bentuk lingual kaga dipocapake dening panutur sajrone pacaturan.
2. Bentuk Lingual (BL) yaiku satuan kabasan tuturan kaga dhasare nduwensi fungsi kanggo nyuguuhake satuan pragmatis.
3. Satuan Pragmatis (SP) yaiku campuran antarane ilokusi lan proposisi kaga disuguhake sacara *ekspresif* utawa sinigid kanthi wujud lingual dening panutur lan uga minangka unsur sajrone komunikasi linguistik.
4. Implikasi Pragmatis yaiku satuan pragmatis kaga anane proses implikasi sacara langsung kanthi wujud lingual dening panutur sajrone situasi ujar.
5. Situasi Ujar (SU) yaiku kahanan kaga njiwai tuturan sajrone pacaturan adhedhasar aspek panutur lan mitra tutur, konteks, tujuwan, tindak ilokusi, tuturan, wektu lan papan panggonan kaga ambiyantu panutur sajrone mocapake implikasi pragmatis tuturan.
6. Proses dol tinukuminangka salah sawijine kagiyanan kaga nggayutake produk, barang, utawa jasa kanthi migunakake dhuwit minangka piranti *transaksi* bayar sing disarujuki dening wong kaloro antarane bakul lan wong sing tuku.
7. *Transaksi* dol tinuku yaiku kagiyanan kaga nggayutake barang utawa jasa kanthi migunakake dhuwit minangka piranti *transaksi* bayar kaga sah lan disarujuki dening bakul lan panuku.

TINGTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Tingtingan Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten ngenani implikatur ing basa Jawa wis ana kaga nliti, nanging paliten ngenani implikatur iki akeh-akeh ing basa Indonesia lan basa Inggris. Panliten sadurunge kaga ngrembug ngenani implikatur tuladhane kaga ditliti dening Muniroh (2003) kanthi irah-irahan

"Implikatur Orang Dewasa dalam Mengingatkan". Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku dhata lisan kang isine ngenani implikasi pragmatis wong dewasa sajrone tata cara ngelingake. Sacara umum panliten iki bisa didudut ana maneka werna implikasi pragmatis wong dewasa sajrone tata cara ngelingake, kayata ngelingake sinau, janji, shalat, tangi turu isuk, utang, ngelingake marang pawongan siji lan sijine. Sajrone panliten iki ditemokake bentuk lingual kang arupa ukara pawarta lan ukara pitakon. Panliten kasebut uga ana satuan pragmatise kayata yaiku ngakon, negesake, menging, njaluk, takon, lan ngenyek pawongan. Panliten kang ditindakake dening Muniroh (2003) lan panliten kang bakal ditindakake iki ana padha lan bedane. Panliten iki padha-padha ngrembug ngenani implikatur lan ngonceki satuan pragmatise, nanging bedane panliten iki karo panliten kang bakal ditindakake yaiku ana ing objek papan panggonan kang wis ditemokake. Beda liyane yaiku ing perangan objek pacaturan kang ditliti.

Kaping pindhone yaiku panliten dening Susilowati (2006) kanthi irah-irahan "*Implikatur Percakapan dalam Menyuruh pada Anak-anak Usia 11-12 Tahun*" sacara umum panliten iki bisa didudut ana maneka werna implikasi pragmatis sajrone ngakon bocah umur 11-12 taun kayata ngakon Bapak nukokake sepatu bal-balans, ngakon supaya nindakake ibadah shalat ashar, ngakon mangan awan, ngakon sinau, lan ngakon ngombe obat. Bentuk lingual sajrone panliten iki arupa ukara pitakon, pawarta, lan ukara pakon. Panliten iki ana satuan pragmatis arupa ngandharake pepenginan, pranyatan, negesake lan menehi pawadan. Panliten kang bakal ditindakake lan panliten sadurunge yaiku dening Susilowati (2006) iki ana padha lan bedane. Pepadhan yaiku panliten kang bakal ditindakake salah sijine ngandharake ngenani maneka werna implikasi pragmatis. Pambedane saka panliten kang bakal ditindakake karo panliten kang ditindakake dening Susilowati (2006) yaiku objek kang ditliti. Objek kang digunakake dening Susilowati (2006) kanthi cara mligi yaiku mung kangge bocah umur 11-12 taun, dene ing panliten iki migunakake objek sacara umum ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo.

Panliten kang ditindakake dening Anbarka (2007) kanthi irah-irahan "*Implikatur*

Percakapan Menawarkan pada Masyarakat Pasar Angso Duo Jambi". Dudutan panliten kasebut yen ana maneka werna implikasi pragmatis sajrone nawakake, kayata nawakake barang dodolane kanthi cara nguntapake jinise barang, nawakake barang dodolan kanthi menehi pitakonan ngenani stok barang sing ana lan nawakake barang dodolan kanthi cara kaya-kaya bakule wis ngerti apa kang digoleki utawa dibutuhake dening wong sing tuku. Bentuk lingual sajrone panliten iki arupa ukara pawarta, ukara pitakon, lan ukara pakon. Panliten iki uga ana satuan pragmatis arupa menehi *informasi*, takon, lan ngakon. Panliten kang ditindakake dening Anbarka (2007) lan panliten kang bakal ditindakake iki ana pambeda lan pepadhan. Pepadhan panliten dening Anbarka (2007) lan panliten kang bakal ditindakake iki yaiku padha-padha ngrembug ngenani maneka werna implikasi pragmatis, dene pambedane yaiku objek kang ditliti dening panliti kuwi beda. Panliten kang ditindakake dening Anbarka (2007) migunakake objek papan panggonan ing Pasar Angso Duo Jambi, yen panliten iki migunakake objek ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo.

Implikatur uga tau ditliti kanthi mligi dening Wiryotinoyo (1996) kanthi irah-irahan "*Implikatur Percakapan Anak Usia Sekolah Dasar*". Dudutan panliten iki yen bentuk lingual implikatur pacaturan lan implikasi pragmatis IP bocah SD kuwi wujude wis akeh variasine. Saka asil panliten sadurunge mula panliten IP kang ditindakake dening panliti munjerake implikatur pacaturan lan *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional Songgolangit kanthi pawadan yen *interaksi* sajrone proses dol tinuku ing pasar kasebut, daya ilokusi bakul sajrone nawakake dagangan mesthi digunakake. Illokusi saka wong sing tuku nalika lagi tuku barang dagangan uga digunakake. Panliten kang ditindakake dening Wiryotinoyo (1996) lan panliten kang bakal ditindakake iki nduwensi pambeda lan pepadhan. Pepadhan saka panliten iki yaiku padha ngrembug ngenani implikatur pacaturan, dene pambedane yaiku objek kang digunakake. Panliten kang ditindakake dening Wiryotinoyo migunakake objek kanthi mligi yaiku mung ngrembug ngenani pacaturane bocah SD wae, nanging yen panliten iki ngrembug sakabehe pacaturan kang ngandhut

implikatur sajrone proses dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.

Panliten sadurunge kang nduweni sesambungan karo implikatur pacaturan bakulan ing pasar tradisional *songgolangit* kabupaten Ponorogo yaiku panliten kanthi irah-irahan "Implikatur pada Ujaran Pengguna Jasa Angkutan Umum di Kalimantan Selatan" dening Hidayatullah (2009). Dudutan saka panliten iki yaiku ana maneka werna bentuk lingual sajrone tuturan pangguna jasa angkutan umum ing Kalimantan Selatan. Panliten kang ditindakake dening Hidayatullah (2009) karo panliten kang bakal ditindakake iki nduweni pambda lan pepadhan. Pepadhan saka panliten iki yaiku padha-padha ngrembug ngenani implikatur pacaturan, dene pambdae yaiku ana ing perangan objek kang kapilih. Panliten kang ditindakake dening Hidayatullah (2009) iki migunakake objek ing dhaerah Kalimantan Selatandene panliten kang bakal ditliti iki migunakake objek ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.

2.2 Pragmatik

Istilah pragmatik bisa ditegesi minangka kawruh utawa pengetahuan ngenani makna tembung kanthi kahanan tartamtu. Miturut Yule (Cahyono, 1995:213) ngandharake yen cabang ilmu kang nyinaoni ngenani perangan kang ana gegayutane karo panutur bisa diarani pragmatik. (Lubis, 1991:20) uga ngandharake kang jarwane, "pragmatik uga ngrembug ngenani makna tuturan lan makna kang kaiket konteks sarta pendekatan analitis sajrone linguistik kaya dene konteks sajrone studi basa". Konteks nduweni pangaribawa kang kuwat sajrone makna tembung-tembung kang dipocapake dening panutur.

2.3 Analisis Pragmatis

Analisis pragmatik ditindakake kangge ngonceki prakara makna sajrone tuturan kang ngamot ngenani implikatur pacaturan. Kapisan diwiwiti kanthi ngonceki prakara satuan pragmatis kang dadi dhasar sajrone *komunikasi linguistik* bisa dijelentrehake saengga bisa nuwuuhake implikasi kang dadi implikasi pacaturan sajrone tuturan. Miturut Mey (Nadar, 2009:4) ngandharake kang jarwane "pragmatik yaiku kajian babagan kahanan ngenani panggunane basa manungsa kang wis

ditemtokake dening konteks masyarakat". Wigatine konteks sajrone pragmatik luwih ditengenake dening Wijana (Nadar, 2009:4) kang ngandharake yen pragmatik menehi kajian ngenani makna kang kaiket dening konteks.

Miturut Grice (Wiryotinoyo, 2010:32) ngandharake yen kango mangertenanane implikatur pacaturan, panutur prelu ngolah dhata kang arupa: (1) makna konvensional tembung-tembung kang digunakake saka referensi sing ana, (2) prinsip kerja sama (PK) lan maksim-maksim, (3) konteks linguistik, (4) bab-bab kang gegayutan karo landhesan kawruhe, lan (5) pranyatan anane pepadhan saka kepatabab kasebut.

2.4 Prinsip-Prinsip Pragmatik

Pragmatik ana saperangan prinsip kang prelu digatekake. Grice (Wiryotinoyo, 2010:26-27) ngandharake kang jarwane, "ana patang maksim sajrone prinsip kerja sama, yaiku maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim hubungan, lan maksim cara. Maksim kuantitas ngantur supaya panutur menehi informasi saperlu sajrone cecaturan nanging ora bisa luwih utawa kurang saka informasi kang dibutuhake. Maksim kuantitas ngatur supaya panutur ngandharake bab-bab kang bener. Maksim hubungan ngatur supaya panutur ngandharake bab-bab kang jumbuh kanthi topik lan tujuwan pacaturan.

2.5 Aspek-Aspek Situasi Ujar

Tarigan (1986:36) ngandharake yen situasi ujar yaiku kahanan kang njiwai tuturan sajrone pacaturan kang ana aspek apek panutur lan mitratutur, konteks, tujuwan, tindak ilokusi, tuturan, wektu, lan panggonan kang mbiyantu panutur sajrone ngandharake implikasi pragmatik sawijine tuturan. Pragmatik ngrembug makna sajrone gegayutan kanthi situasi ujar, kaya kang diandharake ing ngisor iki:

1. Sing nyapa utawa kang disapa. Pawongan kang nyapa diarani n (panutur) dene kang disapa diarani t (mitratutur). Simbol-simbol iki minangka cekakan 'panutur' lan 'mitratutur/pamac'a'.
2. Konteks sajrone tuturan. Konteks bisa ditegesi minangka kawruh kanthi lelandhesan kang padha-padha dinduwени

- dening n lan t kang mbiyantu t negesi makna tuturan.
3. Tujuwan sajrone tuturan. Leech (1993:20) luwih seneng ngunakake istilah tujuwan lan fungsi tinimbang makna sing dimaksud utawa maksud panutur nalika mocapake samubaram.
 4. Tuturan minangka wujud tindakan utawa kagiyanan. Tindak ujar pragmatik gegayutan karo tindak-tindak performasi verbal sajrone kahanan tartamtu liyane kanthi tata basa kang digunakake, kang gegayutan karo unsur-unsur kabasan kayata ukara sajrone sintaksis lan proposisi sajrone semantik.
 5. Tuturan minangka produk tindak verbal. Tuturan yaiku unsur kang maknane bisa dikaji sajrone ilmu pragmatik saengga bisa diarani yen pragmatik minangka kawruh kang nyinaoni makna tuturan.

2.6 Implikatur Pacaturan

Pacaturan bisa dumadi yen ana loro pawongan kang cecaturan. Pacaturan bisa tuwuhan yen ana *interaksi* antarane wong siji lan sijine. Implikatur pacaturan minangka salah sawijine kajian pragmatik sajrone fenomena pragmatis lan minangka sawijine aspek kang paling onjo sajrone pragmatik. Andharan iki jumbuh karo panemune Wiryotinoyo (2010:10) kang ngandharake yen implikatur pacaturan yaiku implikasi pragmatis kang kinandhut sajrone bentuk lingual kang dianjurake dening panutur marang mitratutur sajrone pacaturan.

2.7 Guna Implikasi Pacaturan

Levinson (sajrone Rani dkk, 2004:173) ngandharake yen ana papat guna konsep impliatur, yaiku kaya kang diandharake ing ngisor iki :

1. Bisa menehi andharan makna utawa fakta kebangsaan kang bisa dicakake dening teori linguistik.
2. Bisa menehi andharan kang teges babagan pambeda ngenani maksud pawongan kang migunakake basa.
3. Bisa menehi jlentrehan semantik kang sederhana ngenani gegayutan klausa kang digayutake kanthi tembung pangubungan sing padha.

4. Bisa menehi maneka werna kasunyatan kang dianggep ora nduwensi gegayutan nanging malah sawalike.

2.8 Bentuk Lingual

Bentuk lingual (BL) minangka konstruksi kabasan utawa bunyi tuturan (T) sacara prodhuktif kang diandharake lan dirungokake sajrone basa lisan utawa tulis lan bisa diwaca sajrone basa tulis kang jumbuh karo tuturane. BL wujude maneka werna bisa arupa morfem, tembung, frasa, klausa, lan ukara. "Bentuk lingual yaiku satuan basa saka sawijine tuturan kang dhasare kangge nyuguhake satuan pragmatis" (Wiryotinoyo,2010:59). Bentuk lingual kang arupa ukara kuwi wujude maneka werna, kayata ukara pawarta, ukara pakon, ukara pitakon, lan liya-liyane.

2.9 Satuan Pragmatis (SP) Implikasi Pacaturan

Wiryotinoyo (2010:9) ngandharake "satuan pragmatis minangka unit komunikasi linguistik kang ngamot ngenani campuran antarane rong unsur, yaiku ilokusi lan proposisi". Satuan pragmatis kang ditindakake pawongan bisa nuwuhake prastawa komunikasi. Pacaturan IP, SP minangka wujud konkret saka tindakan kang migunakake basa. SP n nindakake tindakan komunikasi lan *interaksi* marang t guna nuwuhake pacaturan tartamtu, kalebu tujuwan kang siningid kang diwedharake dening n lan t, nanging diandharake kanthi cara sumirad sajrone SP.

2.10 Implikasi Pragmatis

Implikasi pragmatis yaiku satuan pragmatis kang sumirad sacara langsung diekspresi dening BL. Implikasi pragmatis nduwensi maksud lan tujuwan kang siningid dening n nalika dheweke mocapake BL marang t sajrone proses pacaturan. Implikasi pragmatis minangka satuan pragmatis kang sumirad lan diimplikasi sacara langsung. Andharan iki jumbuh kaya panemune (Wiryotinoyo, 2010:82) kang jarwane "Implikasi Pragmatis yaiku satuan pragmatis kang sumirad utawa diimplikasi sajrone satuan pragmatik kang sacara langsung dituduhake sajrone bentuk lingual dening panutur sajrone situasi ujar".

2.11 Fungsi Basa Sajrone Proses Bakulan

Manungsa migunakake basa minangka sarana komunikasi sajrone kauripan. Basa yaiku salah sawijine ciri pambeda utama antarane manungsa lan makhluk liyane. Kangge mangerten fungsi basa sajrone proses bakulan iki, sakdurunge bakal diandharake fungsi basa kaya ing ngisor iki:

1. Fungsi instrumental (*the instrumental function*), ngenani prastawa-prastawa kang nyebabake kedadeyan dumadine.
2. Fungsi regulasi (*the regulatory function*), nindakake kangge ngawasi prastawa-prastawa tartamtu. Fungsi regulasi iki minangka fungi paugeran kang nindakake kangge ngatur pawongan liyane.
3. Fungsi pemerian (*the representational fngtion*), yaiku panggunane basa kange menehi pranyatan-pranyatan, ngandharake fakta lan pengetahuan, sarta ngandharake utawa nglaporake kanthi tembung liya yaiku nggambarakake kasunyatan sing satemene.

METHODE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Panliten babagan implikatur bakulan ing pasar tradhisional samesthine migunakake panliten lan methode kang trep lan jumbuh karo konsep panliten. Sudikan (2001:85) ngandharake kang jarwane, panliten kuwi hakikate minangka salah sawijining kagiyatan ilmiah kang bisa kanggo ngumpulake dhata. Andharan saka Djajasudarma (1993:3) yaiku methode panliten mujudake piranti lan prosedhur kango nliti objek kang kapilih dening panliti. Methode panliten nduweni sesambungan karo ancas panliten basa, tujuwan kasebut yaiku kanggo nglumpukake dhata, ngolah, sarta nyinaoni babagan fenomena basa.

Panliten kanthi irah-irahan "Implikatur Pacaturan Sajrone Transaksi Dol Tinuku Ing Pasar Tradhisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo" iki migunakake pendekatan kualitatif. Pendekatan iki jumbuh karo gegambaran tujuwun kang disebutake, methode pangumpule dhata lan dhata sing dikumpulake arupa wacana, tuturan, utawa ukara. Panliten iki ngolah dhata kanthi cara tanpa ana itungan statistik. Panliten kualitatif bisa ditegesi minangka panliten tanpa migunakake itungan (Moleong, 2006:3). Saliyane iku panliten

kualitatif yaiku panliten kang ngasilake dhata deskriptif arupa tembung-tembung kang tinulis utawa lisan saka pawongan-pawongan lan tumindak kang bisa dideleng, Bodgan lan Taylor (Sajrone Moleong, 2006:4).

3.2 Panggonan Panliten

Panliten iki manggon ing pasar tradhisional songgolangit kabupaten Ponorogo, pasar kasebut kapilih minangka papan panggonan panliten amarga panliti asal saka dhaerah kasebut. Saliyane kuwi pasar songgolangit mesthi ana *interaksi* antarane bakul lan wong sing tuku sajrone proses dol tinuku saengga bisa nuwuake pacaturan sacara verbal ukara-ukara kang *spontan* lan biasane ora jangkep. Dadi anane implikatur pacaturan sajrone cecaturan kuwi mesthi ana akeh.

3.3 Sumber Dhata lan Dhata

Sadurunge nindakake panliten iki panliti kudu luwih dhisik nemtokake ubarampe panliten. Ubarampe kasebut yaiku sumber dhata lan dhata. Jangkepe andharan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki:

3.3.1 Sumber Dhata

Sumber dhata minangka subjek asal saka ngendi panggonan kangge nemokake dhata kasebut miturut andharan Arikunto (1988:144). Sumber dhata mau dikumpulake kanthi cara ndeleng, ngrungokake, lan takon. Panliten iki tansah nduweni tujuwan yaiku supaya pikantuk informasi kang diperlokake ngenani panliten iki. Sumber dhata lan dhata iki nduweni sesambungan kang raket lan kuwat. Sumber dhata ing panliten iki saka pacaturan kang dipocapake dening bakulan lan wong sing tuku ing pasar tradhisional songgolangit kabupaten Ponorogo. Minangka instrument panliten sajrone panliten iki, panliti kudu ngrungokne lan nliti pacaturan kang ngamot implikatur pacaturan sajrone bakulan ing pasar tradhisional songgolangit kabupaten Ponorogo tanpa dimangerten dening informan. Saliyane iku panliti uga nyathet dhata kang tuwuhan sajrone cathetan lapangan kanthi apa anane lan bisa wae parliti ana sajrone pacaturan kasebut.

3.3.2 Dhata

Dhata bisa dadi bahan kang ngamot ngenani sakabehe kanyatan kanggo informasi utawa asal saka cathetan panliti kang diolah sajrone asil panliten. Dhata kang dianggep

bener yaiku dhata kang kaya kanyatan asline, andharan kuwi wis diandharake dening Mursidin (2010:169). Bebenere dhata kuwi ngandhut teges ing sakwalike dhata kang ana. Dhata sajrone panliten iki yaiku dhata sekunder, yaiku ngrungokke ukara-ukara kang digunakake sajrone pacaturan bakulan ing pasar tradisional *songgolangit* Kabupaten Ponorogo. Dhata kasebut kacathet sawise nyemak lan dhokumentasi pacaturan bakulan ing pasar tradisional *songgolangit*. Dhata panliten iki awujud ukara-ukara kang digunakake sajrone pacaturan bakulan ing pasar tradisional kang ana ing kabupaten Ponorogo. Dhata kang digunakake sajrone panliten iki arupa tuturantuturan utawa dhata lisan kang dipocapake dening bakul lan wong sing tuku ing pasar tradisional *songgolangit* kabupaten Ponorogo.

3.4 Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo ngukur fenomena alam utawa sosial kang dijingglensi. Jumbuh kaya kang diandharake dening Sugiyono (2006:102) yaiku instrumen bisa ditegesi piranti kang digunakake sajrone ngumpulake dhata lan informasi panliten, andharan kasebut uga jumbuh karo andharane Sanjaya (2011:184). Andhedhasar andharan kasebut dudutane yaiku instrumen sajrone panliten kuwi yaiku panliten pribadi.

Instrumen panliten mujudake piranti kang bisa digunakake kanggo ngumpulake dhata kang dianggep relevan. Paedah instrumen panliten iki wigati banget, kayata instrumen kasebut bisa dipilih adhedhasar jinis ngenani akehe dhata kang bisa digunakake kanggo ngandharake apa kang dadi underane panliten. Panliten iki migunakake instrumen panliti arupa piranti tulis, hp, lan liyane.

3.5 Tata Cara Ngumpulake Dhata

Miturut Sugiyono (2014:82) tata cara ngumpulake dhata minangka tahap kang dianggep paling *strategis*, jalaran bab iki jumbuh karo ancas utamane panliten yaiku kanggo ngumpulake dhata. Pangumpulan dhata bisa ditindakake ing papan panggonan, sumber, lan kanthi cara liyane. Tata cara kang digunakake sajrone pangumpulan dhata iki yaiku bisa kanthi cara observasi, wawancara, angket,

dhokumentasi, utawa gabungan saka cara kasebut.

Teknik dhasar methode iki diarani teknik sadap, tegese yaiku teknik dhasar sajrone methode panliten kanthi nggunakake teknik simak. Jumbuh kang diandharake dening Mahsun (2005:90) yen teknik sadap disebut minangka teknik dhasar sajrone methode simak amarga proses simak bisa diwujudake kanthi cara sadap. Panliten iki panliti nyadap panggunane basa kang digunakake dening bakul lan wong sing tuku ing pasar tradisional *songgolangit* kabupaten Ponorogo.

Teknik sabanjure yaiku nggunakake teknik cathet yaiku kanthi cara nggawe cathetan-cathetan jumbuh karo apa kang disemak dening panliti tumrap apa kang dituturake dening panutur.

3.6 Tata Cara Njlentrehake Dhata

Miturut Sugiyono (2014:89) njlentrehake yen dhata kuwi minangka proses kang dienggo kanggo nggoleki lan nyusun dhata-dhata sacara sistematis, banjur dhata kasebut diperang dadi sawijining kategori-kategori, ngandharake siji mbaka siji satuan-satuan, nindakake saintesa, nyusun pola, milih bab kang dianggep wigati lan apa wae kang bakalan ditintingi, banjur nggawe dudutan saengga bisa luwih gampang dimangerten. Panliten iki ing sajrone ana dhata-dhata kang dianalisis yaiku pacaturan bakulan ing pasar tradisional kabupaten Ponorogo. Panliten iki sajrone nganalisis dhata yaiku migunakake analisis pragmatik. Analisis pragmatik iki digunakake kanggo mangsuli apa kang dadi underan panliten kasebut. Urutan proses analisis dhata kasebut yaiku (1) nerjemahake dhata saka basa jawa ing basa Indonesia, (2) *klasifikasi* dhata, yaiku dhata kang ngandhut implikatur pacaturan, (3) menehi dudutan saka asil panliten lan analisis kasebut. Saka asil iki bakal ngasilake implikatur pacaturan sajrone proses bakulan ing pasar tradisional *songgolangit* kabupaten Ponorogo.

3.7 Prosedhur Panliten Dhata

Tahap pra-lapangan panliten nyusun rencana panliten arupa proposal panliten. Prosedhur panliten dhata kasebut yaiku:

1. Tahap Pralapangan

Tahap pra-lapangan minangka tahapan wiwitlan, panliti nyusun apa wae kang

- bakal ditliti sajrone panliten ngenani implikatur pacaturan bakulan ing pasar tradisional *songgolangit* kabupaten Ponorogo.
2. Tahap Nindakake *Observasi* Ing Lapangan Ing tahap iki panliten ngumpulake dhata kanthi cara observasi lapangan yaiku ing pasar tradisional *songgolangit* kabupaten Ponorogo. Sabanjure kuwi panliti nyemak lan nyathet pacaturan bakulan lan wong sing tuku ing pasar kasebut.
 3. Tahap Analisis Dhata Panliti nindakake analisis dhata kang wis diklumpukna kanthi nggunakake analisis pragmatik.
 4. Tahap Nulis Laporan Panliten Ing tahap iki nggawe wujud laporan sing gamblang. Asil saka pengamatan kasebut dikonfirmasi marang dhosen pembimbing.

3.8 Tata Cara Nyuguhake Asil Panliten

Tata cara kang digunakake kangege nyuguhake asil panliten sajrone panliten iki yaiku kanthi cara ngandharake lan njlentrehake dhata kang awujud laporan ngenani jinis-jenis implikatur sajrone pacaturan bakulan ing pasar tradisional *songgolangit* Kabupaten Ponorogo. Dhata kasebut digolongake marang jinise implikatur, banjur dilentrehake lan disuguhake kanthi cara kang jangkep antarane teks lan kontekse. Dhata kang ana ing panliten iki sakabehe kalebu jinise implikatur. Dhata kasebut diandharake kanthi methode formal yaiku ngandharake kanthi migunakake tandha lan lambang, sakliyane kuwi uga migunakake methode informal yaiku ngandharake kanthi migunakake basa jumbuh karo kang dadi panemune (Sudaryanto, 1993:144).

ANDHARAN

4.1 Asil Panliten

4.1.1 Bentuk Lingual Implikatur Pacaturan Sajrone Transaksi Dol Tinuku Ing Pasar Tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo

Bentuk lingual implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo awujud ukara pawarta, ukara pakon, lan ukara pitakon. Andharan kasebut bakal diandharake kaya ing ngisor iki:

a) Ukara Pawarta

Bentuk lingual implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo yaiku arupa ukara pawarta kang dipocapake dening bakul ing pasar sajrone nawakake barang dagangan. Andharane:

- (1) (B.Kn) : "Daster, daster rong puluh ewu, Mbak."
'Daster, daster dua puluh ribu, Mbak'.
Pn : "Mboten, Bu".
'Tidak, Bu'

Bentuk lingual ujaran B. Knsajrone IP dhata (1) kalebu ukara pawarta. Tuturan kasebut dituturake dening B.Kn minangka panutur lan Pnminangka mitra tutur kanthi jinis kelamin wadon. Kahanan sosial sajrone pacaturan kasebut kalebu ora resmi. Topik sajrone pacaturan kasebut yaiku B.Kn menehi pawarta ngenani barang dagangane. Ukara pawarta kasebut B.Kn nawakake daster kanthi cara menehi warta marang panuku yen daster sing di dol regane murah mung rong puluh ewu. Mula saka kuwi tuturan kang ngandhut BL ukara pawarta sajrone nawakake barang dagangan kanthi nguntapakerega barang nduweni piguna kang genarik kawigaten panuku supaya gelem nuku barang dagangane.

b) Ukara Pitakon

Bentuk Lingual (BL) implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing Pasar Tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo dituturake dening bakul lan panuku arupa ukara pitakon (*interrogatif*), yaiku ukara arupa pitakonan lan nduweni tujuwan nakokake samubarang marang mitra tutur. Andharane:

- (2) Pn : "Buk, rawite setengah kilo pira?"
'Buk, rawitnya setengah kilo berapa?'
(Bk. Sy) : "Ingkang pundi Bu? Menika gangsal welas ewu."

'Yang mana Bu? Itu lima belas ribu.'

Bentuk Lingual (BL) ujaran sajrone implikatur pacaturan dhata (2) kalebu ukara pitakon kang dipocapake dening panuku. Ukara pitakon kasebut Pn nakokake rega lombok rawit kanthi cara takon. Tuturan kasebut ngandhut BL ukara pitakon sajrone nuku barang dagangan kanthi menehi pitakonan ngenani rega barang dagangan. Ukara pitakon kang dipocapake dening panuku tujuwane kanggo mangerten rega barang sing dikarepna.

c) **Ukara Pakon**

Bentuk lingual implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo arupa ukara pakon mung dipocapake dening bakul nalika nawakake barang dagangan. Andharane:

- (3) B.Bh : "Duren Pak, duren. Tukunen apik-apik iki hlo!"
'Durian Pak, durian. Belilah bagus-bagus ini hlo'.
Pn : "Mboten, Pak."
'Tidak, Pak'.

Bentuk lingual B.Bh sajrone IP (3) kalebu ukara pakon. Ukara pakon kang dipocapake dening B.Bh yaiku nawakake buah kanthi cara ngakon panuku supaya tuku buah dadolane. Tuturan ing ndhuwur ngandhut BL ukara pakon nalika nawakake barang dagangan kanthi cara nguntapake jinis barang dagangane. Tuturan kasebut tujuwane kanggo narik kawigaten panuku supaya gelem nuku barang dadolane. Pacaturan kasebut kedadeyan ing lapak bakulan buah pasar *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.

4.1.2 Satuan Pragmatis Implikatur Pacaturan Sajrone Transaksi Dol Tinuku Ing Pasar Tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo

Satuan Pragmatis Implikatur Pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo iki, saka asil dhata kasebut bisa nuduhuhake yen IP sajrone *transaksi* dol tinuku ana telung macem satuan pragmatis. Telung macem perangan kasebut yaiku, (1) martaake, (2) takon, lan (3) mrentah, kang kaya diandharake ing ngisor iki :

a. **Martaake**

Satuan pragmatis lan implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo bisa arupa martaake, yaiku kang digunakake dening bakul kanggo menehi pawarta marang panuku. Bakul bisa menehi *informasi* marang Pn minangka mitra tutur ngenani jinis barang dadolane utawa rega barang kasebut. Satuan Pragmatis (SP) mung dipocapake dening bakul nalika nawakake barang dadolane. Bakul nuturake pacaturan kanthi cara nyebutake kahanan barang dadolane.

- (4) B.Bh : "Sing legi, sing legi, jeruke Dhik."
'Yang manis, yang manis, jeruknya Dek'.
Pn : "Mboten, Mas."
'Tidak, Mas'

SP sajrone IP (4), B.Bh nawakake jeruk kanthi cara menehi *informasi* marang panuku (Pn) yen jeruk sing di dol bakul kuwi rasane legi. SP kasebut arupa ukara kanggo menehi warta lan nduwensi piguna kanggo mantepake atine panuku ngenani kahanan barang dagangan sing di dol dening bakul. Tuturan kang dituturake dening bakul tujuwane kanggo narik kawigaten Pn.

b. **Takon**

SP sajrone IP *transaksi* dol tinuku ing Pasar Tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo bisa uga arupa pitakonan. Andharane:

- (5) B.Dln : "Dhik, mobil-mobilan, Dhik."
'Dek, mobil-mobilan Dek'
Pn : "Niki pinten, Pak?"
'Ini berapa Pak?'

SP sajrone IP (5), B.Dln nawakake mobil-mobilan kanthi cara nakokake marang panuku apa lagi nggolek mobil-mobilan.

Pacaturan ing ndhuwur kaya-kaya bakul mangerteni barang apa kang dikarepna dening panuku. SP kang arupa ukara pitakonan dituturake dening bakul dolanan marang panuku. Tujuwan SP arupa ukara pitakonan ing ndhuwur kangege narik kawigaten panuku supaya gelem nuku barang dagangane bakul.

c. Ngakon/Mrintah

SP sajrone IP *transaksi dol tinuku* ing Pasar Tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo bisa arupa ngakon/mrintah, yaiku kang digunakake dening bakul (Bk) kanggo ngakon utawa mrintah Pn supaya nindakake samubarang. Andharane:

- (6) B.Iw : "Tongkol, gabus, tongkol, gabus"
"Tongkol, gabus, tongkol, gabus".
Pn : "Pira regane tongkol, Bu?"
'Berapa harga tongkol, Bu?'

SP sajrone IP (6), B.Iw nawakake iwak kanthi cara ngakon Pn supaya gelem milih iwak sing dadi barang dagangane. SP kang arupa ngakon/mrintah bisa didadekake cara dening Bk kanggo menehi kalodangan marang Pn supaya milih barang dagangane saengga Pn bisa demen lan nuku barang dagangan bakul kasebut. Pacaturan kasebut dumadi ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo.

4.1.3 Macem-Macem Implikasi Pragmatis Sajrone Transaksi Dol Tinuku ing Pasar Tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo

Implikasi Pragmatis pacaturan sajrone *transaksi dol tinuku* ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo cacahe ana enem macem yaiku (1) nguntapake rega barang, (2) Bk mangerteni barang kang dikarepna Pn, (3) nguntapake jinis barang, (4) nguntapake kahanan barang dagangan, (5) pitakonan ngenani rega barang, lan (6) pitakonan ngenani barang kang dikarepna panuku.

a. Ujaran Kanthi Implikasi Bakul Nawakake Barang Dagangan kanthi Nguntapake Rega Barang

Pacaturan ing ngisor iki minangka ujaran kang diimplikasi yen bakul nawakake barang dagangan kanthi nguntapake rega barang kang ditawakake. Tuturan kasebut dituturake dening bakul minangka panutur nalika nawakake dodolan. Bakul nawakake barang bisa kanthi wujud nguntapake rega barang dagangan. Andharane:

- (7) B.Bu : "Lomboke Mbak, rawit sekilo rong puluh, lombok gedhe sekilo lima belas ribu saja'"
'Lomboknya Mbak, rawit sekilo dua puluh, lombok besar sekilo lima belas ribu saja'
Pn : "Rawit sekilo mawon Bu"
'rawit sekilo saja Bu'

Pacaturan sajrone IP (7), Bk menehi *informasi* marang panukuyen rega lombok sing di dol yaiku ana lombok rawit lan lombok gedhe, lombok rawit di dol kanthi rega rong puluh ewu sekilo, dene lombok gedhe lima las ewu sekilo. Tujuwan Bk nuwuhake IP supaya Pn mangerteni rega lombok sing di dol saengga Pnbisaketarikkawigatenlanpungkasanegelemtu kubarangdodolane.

b. Ujaran Kanthi Implikasi Bakul Nawakake Barang Dagangan Kanthi Cara Kaya-Kaya Mangertenin Barang Kang Dikarepna Panuku

Pacaturan ing ngisor iki kalebu ujaran kanthi implikasi bakul nawakake barang dagangan kanthi cara kaya-kaya mangertenin barang kang dikarepna dening panuku. Andharane:

- (8) B.Jn : "Lemper, sosis, lemper, sosis Mas."
'Lemper, sosis, lemper, sosis Mas'
Pn : "Lemper kalih sosise tiga mawon Buk"
'Lemper dua sosisnya tiga saja Buk'

IP (8) B.Jn nyebutake jinis barang dodolan kaya-kaya wis mangertenin yen Pn lagi golek ing antarane barang dodolane kuwi. Tujuwan Bk nuturake tuturan kasebut supaya narik kawigaten Pn lan nuku barang dodolane. Perangan kasebut

bisa dimangerteni saka tuturan "Lemper, sosis, lemper sosis Mas" kang dituturake dening B.Jn kalebu tindak verbal kang nduweni daya ilokusi nawakake.

c. **Ujaran Kanthi Implikasi Bakul Nawakake Barang Dagangan Kanthi Nguntapake Jinis Barang**

Pacaturan ing ngisor iki kalebu ujaran implikasi bakul nawakake barang dagangan kanthi nguntapake jinis barang. Pacaturan iki dituturake dening bakul minangka panutur nalika nawakake barang dagangan. Bakul mocapake jini-jinis barang dodolane kanggo narik kawigaten panuku. Andharane:

- (9) B.Jn : "Kacang mete Mbak"
'Kacang mete Mbak'
Pn : "Pinten Pak?"
'Pira Pak?'

Dhata IP (9), Bk nawakake jinis jajanan kang di dol ing lapake lan nyumanggaake Pn milih jajanan kasebut. Tujuwan Bk nuturake tuturan kasebut supaya narik kawigaten Pn kanthi cara nawakake dagangane. Bab kasebut bisa dimangerteni saka tuturan "Kacang mete Mbak" kang dipocapake dening B.Jn. Tuturan kasebut kalebu tindak verbal kang nduweni daya ilokusi nawakake.

d. **Ujaran Kanthi Implikasi Bakul Nawakake Barang Dagangan Kanthi Nguntapake Kahanan Barang**

Pacaturan ing ngisor iki kalebu ujaran kanthi implikasi bakul nawakake barang dagangan kanthi nguntapake kahanan barang. Bakul nguntapake kahanan barang nalika nawakake barang dodolan supaya narik kawigaten panuku. Andharane:

- (10) Bk.Sy : "Buk wortele Buk, ayu-ayu iki"
'Buk wortelnya Buk,
bagus-bagus ini'
Pn : "Sekilo Pinten?"
'Sekilo berapa?'

Dhata IP (10) B.Sy nawakake wortel kanthi cara martaake yen wortel sing di dol ayu-ayu utawa seger-seger. Tujuwan Bk

naturake T kaya mangkono yaiku supaya Pn gelem nuku barang dagangane. Perangan kasebut bisa dimangerteni saka tuturan "Buk, wortele Buk, ayu-ayu iki", kang dituturake dening Bk kalebu tindak verbal kang nduweni daya ilokusi nawakake.

e. **Ujaran Implikasi Panuku Pengin Nuku Barang Dagangan Kanthi Menehi Pitakonan Ngenani Rega Barang Dagangan**

Pacaturan ing ngisor iki kalebu ujaran implikasi yen panuku kepengin nuku barang dagangan kanthi menehi pitakonan ngenani rega barang dagangan. Pacaturan kasebut ditindakake dening bakul lan panuku kang kedadeyan ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo. Andharane:

- (11) Pn : "Pak, daging niki sekilo pinten?"
'Pak, daging ini sekilo berapa?'
B.Dg : "Seket lima ewu Yu"
'Lima puluh lima ribu Mbak'

IP sajrone dhata (11) Pn nakokane rega daging kanthi menehi pitakonan marang Bk ngenani rega daging kasebut. Perangan kasebut bisa dimangerteni saka tuturan "Pak, daging niki sekilo pinten?" kang dituturake dening panuku kalebu tindak ujar verbal kang nduweni daya ilokusi. Tawanan T kasebut langsung ditanggepi dening Bk kanthi wangsuman "seket lima ewu Mbak".

f. **Ujaran Kanthi Implikasi Yen Panuku Pengin Nuku Barang Dagangan Kanthi Menehi Pitakonan Ngenani Barang Kang Dikarepna**

Pacaturan ing ngisor iki kalebu ujaran implikasi yen panuku kepengin nuku barang dagangan kanthi menehi pitakonan ngenani barang dagangan kang dikarepna panuku. Pacaturan kasebut ditindakake dening bakul lan panuku kang kedadeyan ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo. Jangkepe bakal diandharake kaya ing ngisor iki :

- (12) Pn : "Pak, wonten uwos abrit napa mboten?"
 'Pak, ada beras merah apa tidak?'
 B.Ag : "Wonten Bu"
 'Ada Bu'.

Dhata (12) ujaran Pn kanthi bentuk lingual ukara pitakon, lan satuan pragmatis takon kang ngandhut implikasi yen Pn pengin tuku beras abang kanthi menehi pitakonan ngenani barang sing dikarepna Pn marang Bk. Pacaturan kasebut kedadeyan ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo. Pacaturan kasebut migunakake basa Jawa padinan. Pacaturan iki kedadeyan ing lapak bakul agen nalika kahanan pasar lagi rame kanthi tuturan bakul lan panuku sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar kasebut. Dhata sajrone IP (12) Pn takon ngenani jahe giling kang dikarepna dening Pn. Tujuwan Pn nuturake tuturan kasebut supaya Bk mangerteni barang kang digoleki Pn.

4.1.4 Alur Implikasi Pragmatis Sajrone Transaksi Dol Tinuku ing Pasar Tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo

Transaksi dol tinuku ing pasar Songgolangit Kabupaten Ponorogo mung ditemokake siji macem alur implikasi pragmatis, yaiku alur sebab akibat. Alur implikasi pragmatis ana gegayutanane karo makna utawa proposisi bentuk lingual lan implikasi pragmatis kang mujudake IP. Alur iki kedadeyan kanthi cara pamikir, asosiasi, adat pakulinan, lan norma-norma kang ana ing lingkungan masyarakat. Andharane:

a. Alur Sebab Akibat

Alurimplikasipragmatispacaturansajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo bisa arup aalur sebab akibat.

Alurimplikasipragmatiskangarupa alur sebab akibat bisa didelengsaka pacaturan ingngisoriki:

- (13) B.Bh : "Jeruk manis Mbak, legi iki gek ayu-ayu"
 'Jeruk manis Bu, manis ini juga seger-seger'
 Pn : "Sekilo pinten Bu?"

- Bk.Bh : "Lima las ewu ae Mbak. Pirang kilo?"
 'Lima belas ribu saja Mbak. Berapa kilo?'
 Pn : "Inggih Bu, kalih kilo mawon"
 'Iya Bu, dua kilo saja'

Situasi ujar IP dhata (13) Bk nawakake buah kanthi mocapake "jeruk manis Mbak, legi iki gek ayu-ayu". Bk nyoba narik kawigaten Pn kanthi cara menehi *informasi* yen kasunyatane buah sing di dol kahanane ayu-ayu utawa apik-apik. Tuturan kang dituturake dening Bk bisa narik kawigaten panuku lan ndadekake Pn takon marang Bk ngenani rega buah sing di dol Bk kasebut. Satuan pragmatis kang digunakake yaiku martaake kasunyatana, dene implikasi pragmatise yaiku nampa tawanan kasebut. Kasunyatana yen buah sing di dol dening Bk kanthi kahanan isih apik lan rega lima las ewu minangka panyebab Pn nampa tawanan lan nuku buah kasebut. Makna implikasi Pn gelem nuku buah yaiku minangka sebab saka werdi yen buah kasebut ayu-ayu kanthi rega lima las ewu. Implikasi kasebut didudut minangka akibat saka sebab kang ana sajrone BL, alur implikasi kasebut disebut alur sebab akibat.

4.2.5 Hubungan Bentuk Lingual, Satuan Pragmatis, Implikasi Pragmatis Sajrone Transaksi Dol Tinuku Ing Pasar Tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo

Hubungan BL, SP, lan implikasi pragmatis sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional Songgolangit Kabupaten Ponorogo nduweni gegayutan kang rumaket. Katelu unsur kasebut nduweni gegayutan kang rumaket amarga antarane unsur siji lan sijine padha-padha paring panyengkuyung sajrone panggunane IP. IP yaiku implikasi pragmatis kang kinandhut sajrone BL kang dituturake dening n marang mt sajrone pacaturan. BL yaiku *konstruksi* kabasan sing dituturake T kang nduweni guna

kanggo nyengkuyung SP dening n saengga SP bisa dimangertenipun. Fungsi SP yaiku nyengkuyung implikasi pragmatis kanthi sumirad sajrone *transaksi* dol tinuku kang dadi tujuwan n saengga mujudake IP kayata sajrone pacaturan ing ngisor iki sing kalebu hubungan IP, BL, lan SP sajrone *transaksi* dol tinuku. Andharane:

- (14) B.Bh : "Rong kilo lima las, rong kilo lima las, dipilih, dipilih peleme".
'Dua kilo lima belas, dua kilo lima belas, dipilih, dipilih mangganya'.
Pn : "Sing iki pira Mas?"
'Yang ini berapa Mas?'

Dhata sajrone IP (14) tuturan Bk minangka implikasi pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku, BL, tuturan kasebut yaiku ukara pawarta, SP lan IP kasebut yaiku martaake yen Bk pelem menehi *informasi* ngenani kasunyatan barang marang Pn yen pelem sing di dol regane murah. IP kanthi ukara kang dipocapake dening B.Bh "Rong kilo lima las, rong kilo lima las, dipilih, dipilih peleme" kanthi bentuk lingual ukara pawarta lan SP martaake kasunyatan barang dagangan. Implikatur pragmatis sajrone dhata (78) yaiku nawakake dagangan kanthi cara nguntapake rega barang dagangan sing di dol.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Saka asil panliten kang ditindakake bisa didudut yen implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo diasilake saka maneka werna bentuk lingual, satuan pragmatis, lan alur implikasi pragmatis.

1. Bentuk Lingual (BL) implikatur pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo arupa ukara pawarta, ukara pitakon, ukara pakon kang dituturake bakul lan panuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo.
2. Satuan Pragmatis (SP) minangka panyengkuyung kang nduwensi fungsi

nandhesake implikasi pragmatis, lan mujudake IP, kayata menehi *informasi* kang dituturake kanthi ukara pawarta, takon kanthi cara nuturake ukara pitakonan lan ngakon kanthi cara nuturake ukara pakon.

3. Implikasi Pragmatis pacaturan sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo cacahe ana enem macem yaiku (1) nguntapake rega barang, (2) Bk mangertenipun barang kang dikarepna Pn, (3) nguntapake jinis barang, (4) nguntapake kahanan barang dagangan, (5) pitakonan ngenani rega barang, lan (6) pitakonan ngenani barang kang dikarepna panuku.
4. Alur implikasi pragmatis sajrone *transaksi* dol tinuku ing pasar tradisional *Songgolangit* Kabupaten Ponorogo mung ana siji jinis alur, yaiku alur sebab akibat.
5. Hubungan implikasi pragmatis, BL, lan SP nduwensi gegayutan kang rumaket amarga sakabebe unsur kasebut nduwensi hubungan fungsi sajrone pangguna IP lan sajrone panliten iki BL nggayutake SP lan ngimplikaseake implikasi pragmatis.

5.2 Pamrayoga

Adhedhasar dudutan kang wis diandharna, pamrayoga kang bisa diandharna sajrone panliten iki yaiku :

1. Kanggo para pangguna basa Indonesia supaya bisa mangertenipun implikatur pacaturan, mligine implikasi pragmatis sajrone *transaksi* dol tinuku supaya bisa ndadekake *komunikasi* kang bener.
2. Marang para peminat pragmatik supaya bisa luwih njembarake panliten implikasi pragmatis sajrone *transaksi* dol tinuku ing lingkup pasar, lan bisa njembarake panliten babagan pragmatik.
3. Marang para tenaga pendhidhik supaya bisa menehi piwulangan marang para siswa ngenani kepriye mangertenipun lan migunakake basa Indonesia utawa basa dhaerah kang jumbuh karo konteks, bisa sacara lisan utawa tulis kanggo maneka fungsi basa.

KAPUSTAKAN

- Anbarka, J. 2007. *Implikatur Percakapan Menawarkan pada Masyarakat Pasar Angso Duo Jambi*. Skripsi, Universitas Jambi: Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan.
- AR, W. 2011. *Implikatur Percakapan Orang Dewasa dalam Melarang dengan Bahasa Melayu Jambi Anak Usia 11-12 Tahun di Mudung Darat Kecamatan Muarosebo Kabupaten Muaro Jambi*. Skripsi, Universitas Jambi: Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan.
- Surana. 2015. *Variasi Bahasa dalam Stiker Humor*” Doctoral Dissertation, Universitas Gadjah Mada. (<https://etd.repository.ugm.ac.id>, diunduh tanggal 30 Juli 2019)
- Departemen Pendidikan Nasional. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Pusat bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Finoza, L. 2002. *Komposisi Bahasa Indonesia*. Jakarta: Diksi Insan Mulia.

- Leech, G. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. Terjemahan Dr. MDD. Oka, MA. Jakarta: Universitas Jambi.
- Lubis, A.H.H, 1991. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Lubis, A.H.H. 1993. *Pragmatik dan Penelitian Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Moleong, L.J. 2006. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Muniroh, S. 2003. *Implikatur Orang Dewasa dalam Mengingatkan*. Skripsi Universitas Jambi: Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan.
- Nadar, F.X.2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Purwo, B.K. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa*. Yogyakarta: Kansius.
- Sudaryanto.1998. *Metode Linguistik Bagian Dua*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Susilowati, E. 2006. *Implikatur Percakapan dalam Menyuruh Pada Anak-anak Usia 11-12 Tahun*. Skripsi ,

Universitas Jambi: Fakultas
Keguruan dan Ilmu Pendidikan.

Suyono.2000. *Pragmatik Dasar-Dasar dan Pengajaran*. Malang: YA3 Malang.

Tarigan, G.H. 1986. *Pengajaran Pragmatik*.
Bandung: Angkasa.

Wiryotinoyo, M. 2010. *Implikatur Percakapan Anak Usia Sekolah Dasar*. Disertasi, Malang: PBS IKIP Malang.